

**NINGKATKEUN KAPARIGELAN MURID DINA
NGAREPEPKEUN CARITA BARUDAK NGAGUNAKEUN
WAYANG DUPLEK DINA PANGAJARAN BAHASA
INDONESIA**

(Panalungtikan Tindakan Kelas di Kelas III di SDN Sukapura)

Ku

**SEMI PUSPITA APRILIAN
135060114**

GABARAN

Panalungtikan anu dilaksanakeun ieu ngabogaan tujuan pikeun ningkatkeun kaparigelan murid SD kelas III di SDN Sukapura Bandung dina widang ngaregepkeun eusi carita barudak ngagunakeun media wayang duplek. Kasangtukang panalungtikan ieu didasarkeun kana kaayaan di lapangan yen kaparigelan ngaregepkeun eusi carita masih dianggap teu pati perlu, sabab keur sabagian guru masih boga anggapan sok sanajan teu diajarkeun di sakola kaparigelan ngaregepkeun bakal bisa sorangan. Dumasar kana anggapan tadi, guru can manggih alat jeung cara anu bisa ngabantu murid SD sangkan kaparigelan ngaregepkeun eusi carita barudak bisa leuwih ningkat. Panalungtikan nerapkeun cara PTK anu dilakukaun 2 kali dimimitian tina ngarencanakeun, ngalaksanakeun, naliti, jeung nyimpulekun. Keur nangtukeun nilaina dilaksanakeun ku dua cara nyaeta ngajawab sababaraha soal nu kudu ditulis ku sakabeh murid kelas III, jeung ngeusian tabel pikeun nganyahokeun kamampuan guru di jero kelas. Hasil panalungtikan ngebrehkeun yen ngagunakeun alat mangrupa wayang duplek bisa ngaronjatkeun kaparigelan murid dina ngaregepkeun eusi carita barudak. Hal ieu bisa dititenan tina persentase ketuntasan siklus I dibandingkeun jeung siklus II. Dina Siklus I katuntasan diajar murid kakara nepi ka angka 24 atawa 80%, sedengkeun dina siklus II katuntasan diajar ngaronjat nepi ka angka 28 atawa 93%. Tina data tadi bisa disimpulkeun murid bakal leuwih gampang ngaregepkeun eusi carita nu make alat dina diajarna. Wayang duplek mangrupakeun salah sahaji alat pangajaran anu ngabogaan pinunjul dibanding ngaregepkeun carita ngaliwatan sora hungkul, wayang duplek bisa di gerakeun sacara langsung ku kituna langkung metot perhatian murid. Hasil tina panalungtikan bisa disimpulkeun yen wayang duplek bisa ngarojatkeun kaparigelan murid dina ngaregepkeun carita barudak dina pangajaran Bahasa Indonesia di kelas III Sekola Dasar.

Sanggem konci: Kaparigelan ngaregepkeun carita budak, media wayang duplek